

FASON POU RANPLI FÒM LAN POU ENSKRI POU FAKTIRASYON DLO AK DLO IZE TOUT ENFÒMASYON YO DWE ANN ANGLÈ

ENFÒMASYON SOU PWOPRIYETE A/ADRÈS SÈVIS

1. **Nimewo Kont:** (ou ap jwenn li sou bòdwo dlo a) Antre nimewo faktirasyon kont la ki gen 13 chif
2. **Minisipalite:** Antre non minisipalite a
3. **Adrès Lari a:** Antre adrès lari kote pwopriyete a ye a
4. **Blòk – Pasèl:** Antre nimewo blòk la ak pasèl la
5. **Vil:** Antre non vil la
6. **Eta:** Antre non Eta a
7. **Kòd Postal:** Antre Kòd Postal la
8. **Dat Acha:** Antre dat ou te achte pwopriyete a

ENFÒMASYON POU PRAN KONTAK AK PWOPRIYETÈ A

9. **Non Pwopriyete a:** Antre prenon ak siyati pwopriyete a
10. **Dezyèm Non oswa Non Biznis:** Antre dezyèm non oswa non biznis lan, si sa apwopriye
11. **Enfòmasyon pou Pran Kontak:** (Imèl) Antre adrès imèl ou
12. **Telefòn Selilè:** Antre nimewo telefòn selilè ou
13. **Telefòn Lannuit/Lakay:** Antre nimewo telefòn lakay ou

TCHEKE TI KARE KI KÒRÈK LA (YO) PI BA A EPI SIYEN

14. **Konfimasyon:** Mwen konfime mwen se mèt pwopriyete ki pi wo a epi mwen konprann DEP pral livre bòdwo dlo ak bòdwo dlo ize ak lòt kominikasyon yo nan Adrès Sèvis (Pwopriyete) ki afiche pi wo a. Mwen rekonèt yo dwe peye tout pri yo bay pou pwopriyete a nèt anvan dat limit ki endike a sinon yo pral enpoze frè enterè yo.
15. **Siyati Pwopriyete a:** Siyen dokiman an epi mete dat la sou liy lan
16. **Dezyèm Siyati:** Siyen dokiman an epi mete dat la sou liy lan, si sa apwopriye
17. **Konfimasyon Enfòmasyon pou Voye Lòt Doub Bòdwo pa Lapòs, si sa apwopriye:** Mwen konfime mwen se mèt pwopriyete ki pi wo a epi mwen bay DEP otorizasyon pou li livre bòdwo dlo ak bòdwo dlo ize ak lòt kominikasyon nan Non ak Adrès ki afiche pi ba a (yo). Mwen rekonèt mwen responsab pou asire yo oblije peye tout pri yo bay pou pwopriyete a nèt anvan dat limit ki endike a sinon yo pral enpoze frè enterè yo.
18. **Lòt:** tcheke ti kare sa a si ou vle pou yon bòdwo ale nan yon non ak adrès diferan
19. **Doub Kopi Bòdwo:** Tcheke ti kare sa a si ou vle fè yo voye yon doub kopi bòdwo a nan yon lòt non ak adrès.
20. Tcheke ti kare sa a si ou vle yo voye yon lòt bòdwo oswa yon doub bòdwo a.

VOYE BÒDWO YO NAN YON ADRÈS DIFERAN/VOYE DOUB BÒDWO YO NAN;

- 21 ak 22. Si ou chwazi yon lòt bòdwo oswa yon doub bòdwo, ou dwe siyen epi mete dat la sou liy lan
- 23 ak 24. Voye Bòdwo yo nan yon Adrès Diferan oswa Voye Doub Bòdwo yo nan: Si ou chwazi voye bòdwo yo nan yon adrès diferan oswa ou mande pou yo voye yon doub kopi nan yon lòt adrès, ou dwe ranpli enfòmasyon nan ti kare sa yo.
25. **Non:** Antre non moun pou voye bòdwo a bay la.
26. **Dezyèm Non/Pou:** Antre dezyèm non oswa pou, si sa apwopriye.
27. **Adrès Lari a (Apatman/Chanm):** Antre adrès lari a ak nenpòt nimewo apatman oswa chanm
28. **Vil, Eta, Kòd Postal:** Antre non vil la, Eta a ak kòd postal la sou liy sa a.

IMPORTANT INFORMATION FOR PROPERTY OWNERS FASON POU OU RANPLI FÒM ENSKRIPSYON OU AN

Pwopriyete ak Adrès Postal

Pwopriyete yo responsab pou yo peye bòdwo dlo ak bòdwo dlo ize yo an plen anvan dat ki endike sou bòdwo a. Si pwopriyete a pa ranpli fòm sa a epi soumèt li bay Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (Department of Environmental Protection, DEP) nan DEP-BCS, Pou: Correspondence, 59-17 Junction Blvd, 7th floor Flushing, NY 11373, yo pral livre bòdwo a nan adrès pwopriyete a. Pwopriyete a kapab fè yo livre bòdwo a nan yon lòt adrès lè li itilize fòm sa a epi koche ti kare 'lòt' enfòmasyon postal ki nan paj devan fòm sa a. Li ka voye yon doub kopi bòdwo a bay yon lòt non ak nan yon lòt adrès si li koche ti kare 'doub kopi bòdwo' ki sou fòm lan.

Lekti Kontè ak AMR

Pwopriyete ou an dwe genyen yon aparèy AMR (Lekti Kontè Otomatize). Si li pa genyen li, tanpri rele DEP nan (718) 595-7000 pou mande fè yon espekasyon pou enstale, repare, oswa ranplase aparèy AMR ou an. Aparèy AMR la pèmèt pwopriyete yo kreye yon Kont My DEP, ki se yon mwayen rapid epi fasil pou yo gade, jere ak peye bòdwo dlo ak bòdwo dlo ize. Ou kapab suiv fason ou itilize dlo epi enskri pou jwenn avi sou entènèt pou dlo k ap koule ak faktirasyon elektwonik chak mwa.

Peman yo

DEP aksepte peman elektwonik yo epi li bay yon nimewo gratis pou fè peman nan telefòn. Si ou pa kapab peye tout bòdwo ou an, DEP dakò tou pou ou peye yon pati. Pou rès kòb ki pi gwo yo, DEP kapab mete yon Akò Peman an plas. Tout montan ou pa peye nèt anvan dat limit la pral pwodui frè pou peman an reta (enterè) a 7% pa ane, yo ap faktire chak mwa sou rès kòb ou pa peye a.

Enfòmasyon Jeneral

Si ou gen kesyon sou bòdwo ou an, ale sou nyc.gov/dep oswa rele Sant Apèl Sèvis Kliyantèl nou an nan (718) 595-7000, lendi rive vandredi, soti 9:00 a.m. rive 6:00 p.m. Sèvis lang yo disponib. Sitwèb nou an gen enfòmasyon sou konsèvasyon, aparèy pou ekonomize dlo, ak lòt konsèy pou ede ou jere fason ou itilize dlo ak/oswa jere dlo k ap koule nan pwopriyete ou an. Pou depoze yon plent alekri ki gen ladan non ou, nimewo kont ou, adrès pwopriyete ou ak yon deskripsyon kout pou pwoblèm bòdwo a.

- Pou jwenn enfòmasyon sou akò peman yo, rele nan (718) 595-7890, lendi rive vandredi, soti 9:00 a.m. rive 5:00 p.m.
- Voye yon imèl bay DEP nan: customerservice@dep.nyc.gov. Mete enfòmasyon sou kont ou, adrès pwopriyete ou an ak enfòmasyon pou pran kontak ak ou.

Adrès Biwo yo:

Manhattan: 1250 Broadway 8th floor New York, NY 10001	Bronx: 1932 Arthur Ave. 6th floor Bronx, NY 10457	Brooklyn: 250 Livingston St. 8th floor Brooklyn, NY 11201	Queens: 96-05 Horace Harding Expy 1st fl Flushing, NY 11368	Staten Island: 60 Bay Street 6th floor S.I., NY 10301	Biwo Sentral: 59-17 Junction Blvd. Flushing, NY 11373
--	---	--	--	---	--